Министерство образования и науки РД
МКОУ «Могилевская СОШ им. Н.У. Азизова»

# Литературная гостиная

на тему:

## "Повышение статуса преподавания родных языков" (чеченский язык)

Организатор: Висханова Т.И.

**Ц1е:** Нохчийн меттан викторина.

**лашо:** Нохчийн меттан хаарш т1еч1аг1дар, ненан матте болу безам кхиор.

*Хьайн ненан мотт хаахь ,*
*Дозалла ас до хьох,*
*Даггара и безахь,*
*Ас хастам бо хьуна.*

*Цунах ма херлолахь,*
*Мел дукха вахарх,*
*Ненан мотт – хьайн бацахь,*
*Байлахь вуй хаалахь.*

хана вай д1ахьур ю нохчийн меттан денна лерина викторина.
икторинехь дакъалоцуш ю ши тоба. Т1едилларш довзийтале хьалха
къалацархоша йовзуьйту шайн тобанийн ц1ераш:



. *Даймехкан аз.*

***2. Ненан мотт.***

Х1ора тобанна шен – шен капитан хила веза. Ц1ераш яха шан капитанийн. Х1инца вай д1одолор ду вайн ловзар – къийсадалар.

***Хьалхара т1едиллар:***

Язъе предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш.

***Шолг1а т1едиллар:***

Синтаксически таллам бе х1окху предложенешна:

1. Малхбалехьара схьаевлира 1аьржа мархаш.
2. Олхазарш бовхачу махкара схьадаьхкира.

***Кхоалг1а т1едиллар:***

Х1инца х1ора тобанера декъашхочо нохчийн маттахь къастош дагахь стихотворении юьйцар ю.

***Доьалг1а т1едиллар:***

Шайна бевзачу нохчийн яздархойн ц1ераш йийца.

***Пхоьалг1а т1едиллар:***

Билгалдаккха ма-дарра къамел а, авторан дешнаш а:

1. « Х1ан-х1а, дада, - элира Асета, - корта лозу сан».
2. « Ва, к1ант, хьо стенга ваханера?» - элира дас шен к1анте.

***Йолхалг1а т1едиллар:***

Муьлхачу чкъурга чохь ду алссам дешнаш? Сахьтан цхьамза лелачу аг1ор д1адеша дешнаш.

**1. Къа, къахь, ахь, да, дан, къахьдан.**

**2. къа, къахь, ахь, хье, хьега, къахьега.**

***Ворх1алг1а т1едиллар:***

Муьлхачу произведени юкъара ю х1ара отрывок? Мила ву цуьнан автор?

Мац ч1ог1а веллера,
Кхача а бацара.
К1ад ч1ог1а веллера,
Садов хан хиллера.
Кхид1а бан безачу
Некъан ойла а еш,
Гонаха б1аьрг тоха,
Берд лекхчу велира.

Лекхачу цу бердийн
К1оргачу варшара
Ц1еххьана схьаиккхира
Цхьа жима сен к1орни.
Бузуш ц1ийбеллачу,
Малхо ша ц1ийбинчу,
Бердан басахь и к1орни
Ц1ен седа хетара.

**( Билал Саидов « Майра к1ант Сулима».)**

« Эх1, ма к1ант ву
Ас кхиийнарг!
Эрна кхача
Ас баийнарг!
Д1авалахьа
Сиха к1иллу!
К1ант – ц1е, иштта
Кхоьруш хуьлу!
Къуй баьхкинехь,
Х1инца хецна,
Д1аг1ур бара
Со а эцна,

Х1ара ков керт
Дерриг хорцуш,
Орцахвала
Да а воцуш,
Хьо к1иллу а витина
Кхерош не1 а
Йитина .
Эхь ду хьуна!
Эхь ду! Эхь ду!
Стогаллех дерг
Хьоьгахь г1ехь ду!»

**( Саь1ид Гацаев « Чкъоьрдиг». )**

***Борх1алг1а т1едиллар:***
Кицанаш дукха хьанна хаьа. Ас кицанан хьалхе юьйцу, аша кицанан чаккхе юьйцу. Х1ора командана пхиппа кица хир ду.

***Уьссалг1а т1едиллар:***
Х1ора командана х1етал – металш лур ду пхиппа.

***Уьтталг1а т1едиллар:***
Уьн т1е цхьацца декъашхо вог1у х1ора коммандера, ц1ердешнаш лего (яздархо, яздархой).

***Цхьайтталг1а т1едиллар:***
Шина а командо цхьацца сценка х1оттайо.

***Кхойтталг1а т1едиллар:***

***Кху дешнех предложенеш х1иттае, нийса д1аязъе уьш:***

1. *бераш т1ехь хехкало 1ай салазаш*
2. *хьанах пхьагал лечкъа*
3. *хаза седарчий къега мел*
4. *Аслана а лайн мижаргаш Рустама а детта*

Х1ора предложенера грамматически лард къастае.

**Дейтталг1а т1едиллар:**

**Х1етал-метал хоийла шуна, вай долчу хьошалг1а муьлха акхарой яьхкина.**

**Пхуьйтталг1а т1едиллар:**

**Г1алаташ нисдай, предложенеш х1иттае:**



**Йолхитталг1а т1едиллар.**

## Чекхдаха мог1анаш:

1.Предложенеш,аларан 1алашоне хьаьжжина, хуьлу ……………………

2. Аз ойуш,ч1ог1а олучух ……предложени олу.

3. Цхьана г1уллакхах я хиламах лаьцна хаам бечух …….. предложени олу.

4. Шен чулацамца хаттаран маь1нехь йолчух …….. предложени олу.

**Вуьрх1итталг1а т1едиллар:**

**Юьхь а къастош, оьшу сацаран хьаьркаш а х1иттош, д1аязъе предложенеш:**

гаьннаш т1ехь 1аш ду хьозарчий церан некхан у ц1ен ду х1ун ю оцу олхазарийн ц1е уьш лайн хьозарчий ду мел хаза ду уьш бераш, олхазаршна х1ума тасалаш

**Берх1итталг1а т1едиллар:**

Ц1ерметдешнех б1ов йота.

**Ткъайоьсналг1а т1едиллар:**

Х1ора тобано красворд кхочушйо.

**Ткъолг1а т1едиллар:**

Легадо ц1ерметдешнаш – Цигарнаш, Хьенех.